

KANÈ NOSYON FONDAMANTAL DEBAZ POU KLAS ELEMANTÈ

Rejyon Palm Beach, Eta Florid

KESYON MOUN POZE SOUVAN

1. Kisa estanda yo ye?

Estanda yo se sa elèv yo dwe konnen ak sa yo kapab fè nan fen chak klas. Eta Florid te adopte Nosyon Fondamantal Eta Solèy pou Nouvèl Jenerasyon an (NGSSS) ak Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Eta Solèy pou Nouvèl Jenerasyon an nan ane 2008 ak Nosyon Fondamantal Debaz ofisyèl leta yo (MAFS ak LAFS) ak Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Debaz ofisyèl leta yo (MAFS ak LAFS) an 2014 pou tabli objektif pou elèv aprann epi prevwa plis responsablite pou reysit elèv.

2. Kisa yon kanè ki baze sou nosyon fondamantal ye?

Yon kanè ki baze sou nosyon fondamantal bay enfòmasyon detaye sou fason pitit ou a byen pwogrese nan metrize chak matyè nan fen ane a. Pou elèv jadendanfan rive 5^{yèm} ane, kanè a montre Nosyon Fondamantal Debaz ofisyèl leta ak Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Debaz ofisyèl leta yo pou Lekti, Redaksyon ak Matematik avèk Nosyon Fondamantal Eta Solèy pou Nouvèl Jenerasyon an Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Eta Solèy pou Nouvèl Jenerasyon pou tout lòt matyè yo.

Yon kanè ki baze sou nosyon fondamantal diferan ak kanè tradisyonèl yo nan de fason:

- kisa li mezire
- kòman li rapòte pwogrè

Kanè ki baze sou nosyon fondamantal yo montre nan ane a pou chak matyè ak pwogrè elèv yo. Nan fen chak klas, pwofesè a ap prezante nivo pèfòmans pitit ou nan reyinyon regilye anyèl .

3. Kisa kanè nosyon fondamantal debaz yo eksplike paran yo?

Kanè nosyon fondamantal debaz la:

- Idantifye nivo aprantisaj konfòm li dwe atenn nan fen chak klas.
- Bay enfòmasyon espesifik konsènan pwogrè pitit ou a nan fen reyinyon anyèl yo.
- Montre domèn kote yo kontinye fè pwogrè .

4. Pou kisa Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la chanje pou l adopte kanè nosyon fondamantal debaz la?

Pwofesè nan Rejyon Palm Beach yo ap anseye kourikoulòm fondamantal debaz epi evalye elèv yo nan nivo yo aprann nan. Avans ki fèt nan sistèm pou rapòte nòt sou kanè nosyon fondamantal debaz la kouvri tout Etazini epi li mete enfòmasyon yo bay paran yo sou kanè pou montre kijan nou aktyèlman anseye ak evalye elèv yo.

Objektif kanè nosyon fondamantal debaz la se pou bay paran, pwofesè ak elèv yo enfòmasyon ki pi kòrèk sou pwogrè elèv la pandan y ap konfòme yo avèk nivo kontni an. Pandan n ap kontwole aptitud ak konesans konkrè ki pibliye sou kanè a, n ap konnen si yo anseye tout elèv menm kourikoulòm nan epi ki metrize yon seri aptitud nesèsè nan chak klas.

Nouvo sistèm nan ap elimine lakin ki anpeche elèv yo reyisi. Anplis, paran yo dwe pi konfyans sou kisa pitit yo ta dwe konnen epi kapab fè sa alafen chak klas.

5. Ki lekòl nan rejyon Palm Beach la ki itilize kanè nosyon fondamantal debaz la?

Tout lekòl elemantè yo ap itilize kanè fondamantal debaz yo soti nan jadendanfan rive klas 5^{yèm} ane.

KANÈ NOSYON FONDAMANTAL DEBAZ POU KLAS ELEMANTÈ

Rejyon Palm Beach, Eta Florid

KESYON MOUN POZE SOUVAN

6. Kòman nou konpare kanè nosyon fondamantal debaz la avèk nòt tradisyonèl yo?

Kanè nosyon fondamantal debaz Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la itilize Kòd Pèfòmans ak Kòd Estanda. Kòd Pèfòmans yo montre pwogrè jeneral elèv la fè pou satisfè nivo estanda klas yo. Kòd estanda yo mezire pwogrè elèv la fè pou chak estanda.

Kòd Pèfòmans ak kòd Estanda sa yo ranplase nòt tradisyonèl yo epi montre pwogrè elèv la fè pou satisfè estanda nan fen ane a. Kòd sa yo se pa mwayèn pou klas ki konplete yo.

KÒD PÈFÒMANS	
Baze sou pwogrè ki konvèje pou satisfè nosyon fondamantal nan chak nivo klas yo.	
EX	Demontre aptitud jeneral apwofondi/devlopman konsèp ki satisfè ak pi souvan depase nosyon fondamantal nivo klas yo
PR	Demontre aptitud/devlopman konsèp ki satisfè nosyon fondamantal nivo klas yo.
AP	Demontre aptitud/devlopman konsèp ki se kòmansman pou satisfè nosyon fondamantal nivo klas yo.
ND	Demontre aptitud/devlopman konsèp ki konsiderableman piba pase nosyon fondamantal nivo klas yo.

KÒD ESTANDA	
X	Elèv la satisfè nivo nòmal yo
#	Domèn enkyetan
0	Pa t evalye

Nan anpil kanè tradisyonèl yo, elèv yo resevwa yon nòt pou lekti, yon nòt pou matematik, yon nòt pou syans elatriye. Nan yon kanè nosyon fondamantal debaz, chak matyè sa yo fè pati yon lis aptitud ak konesans elèv yo responsab pou aprann. Elèv yo resevwa yon mak separe pou chak nòt.

Mak avansman yo montre timoun nan fè yon pwogrè pou satisfè nivo espesifik klas la. Yo rapòte nivo preparasyon elèv la yon fason separe sou lis efò li fè.

Avèk nouvo sistèm piblikasyon kanè nosyon fondamantal la, yo evalye elèv yo avèk plis objektivite dapre nivo konsistan klas la. Lèt yo te konn itilize nan kanè tradisyonèl yo pou nòt se yon refleksyon pi sibjektif yon pwofesè atann nan kad efò ak pwogrè endividyèl yon elèv.

7. Èske sa dwe enkyete m si pitit mwen resevwa yon kòd pèfòmans AP oswa ND?

Si pitit ou a resevwa yon AP oswa yon ND, ou dwe travay ak pwofesè ou la pou wè nan ki domèn ou kab bay sipò lakay. Kanè a bay plizyè kritè pou yon matyè kote ki montre pèfòmans jeneral konsènan pwogrè elèv la. Kanè sa a bay enfòmasyon sou matyè elèv la pi fò ak matyè kote li bezwen plis sipò. Si yon elèv resevwa yon AP, sa vle di elèv la kòmanse avanse nan nivo klas la. Si yon elèv resevwa ND, sa vle di elèv la pako rive nan nivo nòmal klas

KANÈ NOSYON FONDAMANTAL DEBAZ POU KLAS ELEMANTÈ

Rejyon Palm Beach, Eta Florid

KESYON MOUN POZE SOUVAN

8. Sa k ap pase si pitit mwen resevwa yon Kòd Pèfòmans PR?

PR la fè konnen pitit ou a ap fè pwogrè apwopriye nan moman sa a pou ane a pou rive metrize tout matyè yo nan fen ane a.

9. Sa k ap pase si pitit mwen pa fè mwayèn li?

Si pitit ou pa fè pwogrè adekwa nan klas regilye, y ap prepare yon plan pou pi byen satisfè bezwen endividyèl pitit ou a. Pwofesè ak paran, mete opinyon yo ansanm pou ekri yon Plan Obsèvasyon Pwogrè (PMP) k ap pèmèt yo devlope plizyè estrateji ak entèvasyon pou ede elèv k ap fonksyone anba nivo klas regilye. Yo kapab tou ogmante yon repons pou entèvasyon (Rtl) ki enkli enstriksyon adisyonèl nan nivo edikatif elèv la pou sipòte pwogrè elèv la pou li rive metrize nivo regilye klas yo.

10. Kòman y ap jere selebrasyon pwogrè ak siksè elèv la fè?

Selebre siksè elèv baze sou yon desizyon lekòl la. Anpil lekòl déja gen yon fason pou onore siksè elèv.

11. Kòman pou m diskite kanè ki baze sou nosyon fondamantal debaz yo avèk pitit mwen?

Paran ak pwofesè dwe prepare objektif pou timoun nan epi travay ansanm sou abilite ki sipòte devlopman nivo aprantisaj idantifyab. Konferans ki santre sou bezwen elèv yo ofri yon opòtinite pou angaje konvèsasyon sa yo.

12. Kòman lekòl elemantè ki andeyò jiridiksyon distri lekòl la ap konnen kisa Kòd Pèfòmans ak Kòd Estanda yo vle di?

Kanè nosyon fondamantal debaz yo gen yon definisyon lejand pou chak kòd yo.

13. Kisa ki ap pase lè elèv yo ale nan lekòl mwayen?

Y ap voye transfere nòt kanè nosyon fondamantal debaz nan lekòl mwayen an lè elèv yo soti nan lekòl elemantè pou ale nan lekòl mwayen.

14. Èske yo deja eseye kanè nosyon fondamantal debaz yo?

Yo te eseye kanè nosyon fondamantal debaz yo nan 13 lekòl elemantè soti nan klas jadendanfan pou rive nan klas 5^{yèm} pandan ane eskolè 2010-11 la. Pou ane akademik 2011-12 la, 13 lekòl orijinal yo plis 7 lòt lekòl elemantè te patisipe pou fòme yon total 20 lekòl pilòt ki ofri kanè nosyon fondamantal debaz nan distri a. Pou ane akademik 2013-2014 la yo aplike kanè nosyon fondamantal debaz atravè tout distri a soti nan klas jadendanfan rive nan dezyèm ane. Nan ane 2014-2015, yo te aplike kanè nosyon fondamantal debaz nan tout distri a nan tout klaas elemantè yo, jadendanfan jiska klas senkyèm ane.

15. What resources are available to help parents understand the standards-based report card?

Gen yon videyo ki disponib an Anglè, Panyòl ak Kreyòl pou paran yo gade. Bwochi jadendanfan, klas premyè ak klas 2^{yèm} – 5^{yèm} ane ki an Anglè, Panyòl ak Kreyòl eksplike paran yo sa ki nan kanè nosyon fondamantal debaz yo nan: <http://www.palmbeachschools.org/parents/ElemReportCard.asp>

KANÈ NOSYON FONDAMANTAL DEBAZ POU KLAS ELEMANTÈ

Rejyon Palm Beach, Eta Florid

KESYON MOUN POZE SOUVAN

16. Kisa Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Florid yo ye?

Kisa Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Florid yo refilete konsèp prensipal Estanda Ofisyèl Florid yo avèk nivo kompleksite redui. Yo ekri yo pou asire objektif esansyèl estanda yo, pou elèv ki gen andikap kognitif enpòtan, ki aplike pou tout elèv ki nan menm nivo klas la.

17. Ki objektif Pwen Daksè yo?

Yo konsewa Pwen Daksè yo pou ankadre enstriksyon ak evalyasyon elèv ki gen andikap kognitif enpòtan.

18. Ki ès ki detèmine si yon elèv ap travay sou Pwen Daksè?

Ekip IEP a ap fè yon revizyon konplè sou tout enfòmasyon elèv la pou detèmine si Pwen Daksè yo se estanda ki apwopriye pou itilize.

19. Ki jan yon pwofesè detèmine kòd pèfòmans ak kòd estanda pou Pwen Daksè?

Kòd Pèfòmans yo montre pwogrè jeneral elèv la nan satisfè estanda Pwen Daksè pou nivo klas la. Kòd Estanda yo mezire pwogrè elèv la pou chak estanda Pwen Daksè.

20. Ki kote Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Florid yo ye?

W ap jwenn Pwen Daksè Estanda Florid pou tout nivo klas yo nan www.cpalms.org

21. Ki jan y ap note Elèv k ap Aprann Anglè ki kontnye ap akeri abilite pou pale lang Anglè epi li/ekri?

Yo evalye elèv yo dapre nivo klas yo ye a epi yo itilize estanda nivo klas ki apwopriye a. Pwofesè yo konsidere efè a sou pèfòmans elèv la epi diskite sa ki vin apre yo ak paran yo: nivo kapasite Anglè aktyèl timoun nan; opòtinite pou timoun nan aprann kontni an ak/oswa opòtinite pou timoun nan demontre estanda nivo klas ki apwopriye a.